# Дарсил тема:

# «РикӀкӀен»

Гъизилюрт

Шагьаралъул №1 гьоркъохъеб школалъул

МугIалим

Малаалиева Хабибат Исрапиловна

## Дарсил ин:

I. Рорч1ами, ц1алдохъаби, г1одор ч1а!

Маг1арул мац1-гьеб буго раг1а-ракьан гьеч1еб т1ину батулареб гъваридаб ралъад, гьекъон г1орц1улареб муг1рул иццул лъим, жакъаги х1албихьила нилъеца гьеб иццул гьуинаб лъим гьекъезе.

Лъимал, авар мац1алда чанха каламалъул бут1а бугеб, лъица бицинеб?

Кина-кинал бут1абазде гьел рикьулел?

**(Аслиялги, кумекалъулги)**

Прилагательное,рик1к1ен,предметияб ц1ар,ц1арубак1 наречие,глагол.

**Кум**. Союзал,междометиял,хадурег1елал,частицаби(доскаялда таблица)

-Гьездаса нилъеца кинал лъазарурал?

Прилагательное,предметияб ц1ар.

II. –Гьел кин нужеда лъалел ругелали балагьизе нилъеца гьаб **тестирование** гьабила.

Лъимал, гьанже нужеца хъвай жакъасеб къо моц1.

Хъвай,лъимал, **баян гьабулеб диктант**.

1.**Хирияб** Ват1ан ц1унизе ккола нилъеца

2. **Цебесеб** г1умруялъул г1емер бицуна дир к1удадаца

3. Инсуца нижее рохьоса **рит1уч1ил** т1инч1 бач1ана.

III. Нилъеца жакъа к1вар кьезе буго нилъер мац1 пасих1лъиялде, гьеб бечелъиялде, нилъее гьеб масъала т1убазе кумек гьабизе буго жакъасеб дарсида малъизе бугеб ц1ияб темаялъ?

Аммажа къасеб дарсил тема лъазе ккани, нужеца гьаб **«Г1ажаибаб байдан»** рагьизе ккола.

8*8-63 5*2-4 3*3*3-25 (5*3)-12 (25+25):10 16 : 4

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |

Гьалеха, лъимал, нилъеда лъана гьаб «ГIажаибаб байдан» рагьиялдалъун цогиги цо каламалъул бутIа–**РИКIКIЕН.**

Нилъеда гьеб каламалъул бутIаги лъикI лъазе ккanани, дарсги бичIчIизе ккани, нуж цоцазе квалквал гьабичIого, цадахъ рекъон хIалтIизе ккола.

**Ц1ияб тема:РИКIКIЕН.**
Предметалъул къадар яги ирга бихьизабулеб каламалъул бут1аялда рик1к1ен абула.
Рик1к1еналъе лъола **чан? чанабилеб**? абурал суалал: *цо, анц1го, нус-нус, къоабилеб.*
Предметалъул къадар бихьизабулелда рикIкIеналда **къадаралъул** рик1к1ен абула, ирга бихьизабулеб **иргадул** рик1к1ен ккола.
Масала: Нужер классалда чан вас вугев? 5 вас (**къадаралъул**) Чанабилеб партаялда мун г1одой ч1ун йигей? Щуабилеб партаялда.(**иргадул**)
Иргадул рик1к1ен лъугьуна къадаралъул рик1к1еналъул кьибилалда т1аде-**абилеб** раг1и жубан: к1иго-к1иабилеб,къоло к1иго-къоло к1иабилеб.

.

**Кидаго къадаразул рик1к1еназда хадуб предметияб ц1ар лъола цолъул-формаялда:**
щуго вас, анц1ила щуго чи, анц1го яс.
**Предметияб ц1аргун цадахъ бугеб мехалъ, падежазде сверуларо.**
**Къадаралъул рик1к1еналъул жинсияб г1аламатги цолъул ва гIемерлъул формаги бук1унаро:** лъабго(вас, яс, оц); лъабго( васас, ясалъ, оцоца).

IV. **ТIехьгун хIалтIи**

Жакъа **къоабилеб** октябралда,
Дагьаб гуро, г1азу г1емераб бана.

Симферополалда буго г1аммаб хоб,
**Анкьго** г1урусасул, **цо** аварасул...
Бищун гьит1инасул **къого** сон бугел,
**Къолощуйилъ** бищун кIудияв вугел...
**Анкьавго** г1урус вас, г1азаб кьун,ч1вана, **Цо** Г1абдулманапов хут1ана нахъе.

**Лъимал,**гьал коч1ол раг1абазулъ кир кьун ругел рик1к1енал? (Анкьго, цо, къого, акьавго ,цо.)Гьел киналго кола къадаралъул…
Лъида лъалеб гьаб коч1ол автор щив кколев? Лъидехун хъвараб кеч1 гьаб? Гьаб кеч1 хъвана **Расул Х1амзатовас «Россиялъул солдатал»**
Лъимал, лъалищ нужеда Р. ХIамзатовасул гьаб кечI лъие сайгъат гьабураб бугебали?
Гьаб кечI буго, лъимал, нилъер бахIарчи, Дагъистанияв МухIамад Загьид ГIабдулманаповасе – Крымалда вагъарав магIарулассе, кигIан тушбабаз гIакъу ба кьуниги, гьес гьезда щибго бицинчIо,каранда носоца цIва бахъаниги, тIаде цIам баниги, нилъер бахIарчи тушбабазе мукIурлъичIо.

**V. ЦIияб тема гъваридго бичIчIизаби, тIехьгун хIалтIи.**

1. ЦIияб газеталъул **нусабилеб** номер къват1ибе лъугьана.
2. Дун Дагъистаналъул магIарулалъул
3**Ункъабилеб** лъимер, **лъабабилев** вас.
4. Ниж сагIат **микьгоялда** школалде щвана.
5. **Лъабго-ункъо** бакIалдасан тIох багьун батана.
6. Ихдал магIарухъе **аза-азарго** хIинч1 бачIана.

**VI. Литературиял минутал(кицаби ва биценкIаби).**

**КIиго** бетIерги рекъон, **ункъабго** кверал хIалтIе.
**КIиго** хъарпуз **цо** кверал кколаро.
**КIиго** балагь тIаде ккани, бигьаяб бищулеб
**Цо** къоялъ цебе бекьараб жо,**анкьица** цебе бакIарула
**Азарго** сон баниги, херлъулареб жо (ракI)
**КIиго** эбел, **анцIго** тIинчI (кверал,килщал)

**VII. 1 ряд. Карточкабаздаса ругел хIалтIаби тIуразаризе**
**2 ряд. Бокьарас кечI рикIкIине.**

VIII. РачIаха,лъимал, нилъмультфильмаялъухъ балагьизе. Нуж гьелъухъ кутакалда кIвар кьун балагье ва гIенекке. Дица нужее гьелда тIасан суалал кьезе руго.

**IX. Словарияб хӀалтӀи**

Ризго-густо

Къарз – нахъ буссинабизе босараб жо (долг).

Лъедерго-редко

**X. Дарсил хӀасил гьаби:**

1. РикӀкӀен сунда абулеб?
2. Предложениялда жаниб рикӀкӀен щиблъун букӀунеб?
3. Къадаралъул рикӀкӀеналда хадуб предметияб цӀар кинаб формаялда букӀунеб?
4. Инградул рикӀкӀен кинаб суалалъе жаваблъун бачӀунеб?
5. Къадаралъул рикӀкӀен кинаб суалалъе жаваблъун бачӀунеб?
6. Лъимал, гьадаб мультфильмаялдаса щиб нужеда бичӀчӀараб?

(къиматал лъела)

Рокъобе хӀалтӀи:хӀ. 2.,гьум. 77.